

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Komunikasi basa, boh lisan boh tulisan mibanda dua sipat, nyaéta (1) sipatna transaksional lamun anu dipentingkeun 'eusi' komunikasi, jeung (2) sipatna interaksional lamun anu dipentingkeun hubungan 'timbang-balik' antara panyatur jeung pamiarsa. Éta dua sipat komunikasi basa téh mibanda prinsip anu tangtu. Komunikasi basa anu sipatna transaksional mibanda prinsip babari, écés, basajan, tur éféktif (Sudaryat, 2016, kc. 143). Komunikasi interaksional téh biasana ngawujud paguneman.

Paguneman dina enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional). Éta sababna, paguneman ngalibetkeun panyatur (panulis), pamiarsa (pamaca), jeung kontak ngaliwatan médium basa (Brooks, 1964, kc. 4). Ku lantaran sipatna timbal balik, pola paguneman téh ngisarahkeun yén panyatur jeung pamiarsa siligenti. Upama panyatur nyarita, pamiarsa ngaregepkeun. Kitu deui, sabalikna. Adegan paguneman mibanda pola, kaédah, jeung prinsip nu tangtu luyu jeung komponén laku basa *SPEAKING* atawa UNGKARA.

*SPEAKING* mangrupa singgetan tina S (*setting and scene*), P (*participants*), E (*end purpose and goal*), A (*act sequences*), K (*key tone or spirit of act*), I (*instrumentalities*), N (*norms of interaction and interpretation*), G (*genres*) atawa bisa disundakeun jadi UNGKARA, nu mangrupa singgetan tina U(ndak usuk basa atawa tatakrama basa); N(u make basa jeung nu dicaritakeun); G(alur omongan); K(asang tukang, tempat, waktu, jeung suasana); A(lat nu digunakeun); R(asa, nada, jeung ragam basa); sarta A(manat) (Dell Hymes dina Sudaryat, 2020, kc. 4).

Dina prosés komunikasi, panyatur atawa pamiarsa bisa ngedalkeun naon nu dirasa, boh rasa gumbira, nalangsa atawa ambek ka jalma nu diajak nyarita atawa nu dicaritakeun. Salah sahiji masalah dina komunikasi basa nyaéta kabiasaan panyatur nalika nepikeun inpormasi téh mibanda ma'na nu béda, teu luyu jeung struktur basa nu dipaké. Ku kituna tina éta masalah, muncul ulikan pragmatik nu nalungtik ngeunaan aspék-aspék di luar basa, salah sahijina ngeunaan ma'na omongan.

Ulikan basa ngeunaan ma'na mibanda kalungguhan nu kacida pentingna. Éta hal patali jeung urgénsina minangka instrumén nu cocog pikeun ngaréngsékeun masalah dina prosés komunikasi, saperti pasalia atawa *miscommunication*.

Grice (dina Geoffrey, 2015, kc. 13) nétélakeun ma'na omongan nu teu luyu jeung wujudna bisa dijéntrékeun ngaliwatan implikasi-implikasi pragmatik nu disebut implikatur. Ku lantaran teu aya kakaitan ma'na antara hiji omongan jeung nu diimplikasikeun, teu kudu anéh mun hiji omongan téh bisa nimbulkeun rupa-rupa implikatur nu tan wates wangen jumlahna.

Hiji omongan bisa ngaimplikasikeun proposisi, nu lain mangrupa bagéan tina éta omongan. Proposisi nu diimplikasikeun éta disebut implikatur paguneman (Rahardi, 2005, kc. 42). Grice (dina Sudaryat, 2016, kc. 53) nyebutkeun dua wanda implikatur, nyaéta implikatur konvensional jeung implikatur konvèrsasional. Implikatur konvensional mangrupa implikatur anu dihasilkeun tina nalar logika, omongan anu ngandung implikatur nu écés. Ari implikatur konvèrsasional mangrupa implikatur anu dihasilkeun lantaran pameredih kontéks nu tangtu.

Dina implikatur, hubungan antara naon nu diomongkeun ku panyatur jeung ma'na nu sabenerna éta sipatna mutlak. Komunikasi nu lancar antara panyatur jeung mitra catur téh lantaran miboga pangaweruh nu sarua ngeunaan hiji hal nu keur diomongkeun. Ku kituna, teu jarang dina paguneman ngandung implikatur. Paguneman nu ngandung implikatur téh teu ngan dina paguneman sacara langsung wungkul, tapi bisa ogé kapanggih dina karya sastra saperti carita pondok.

Salah sahiji kumpulan carpon Sunda nyaéta *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna. Dina ieu kumpulan carpon téh réa kapanggih paguneman nu ngandung implikatur, jaba ti éta diksi jeung struktur kalimah nu digunakeun rada ahéng mun dibaca ku jelema awam nepi ka nimbulkeun rupa-rupa tafsiran ti nu macana, sarta eusina pinuh ku gagasan jeung kritikan nu ditepikeun pangarang patali jeung kaayaan nagara harita. Ieu carpon téh kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun wanda, wujud jeung fungsi implikatur paguneman.

Panalungtikan ngeunaan implikatur paguneman geus kungsi aya saméméhna, di antarana waé “Implikatur Percakapan dalam Acara Tonight Show di Net TV” (Nurlin, 2021). Hasil tina ieu panalungtikan kapaluruh aya 7 wujud implikatur

paguneman jeung 7 fungsi implikatur pagunemanana. Panalungtikan séjenna nyaéta “Analisis Penggunaan Implikatur Percakapan dalam Novel Cerita Kesting Gokil Karya Mpok Mercy Sitanggung (Tinjauan Pragmatik)” (Wulandari, 2013). Hasil tina ieu panalungtikan kapaluruh aya 46 implikatur paguneman konvénsional jeung 21 implikatur paguneman konvérsasional.

Lian ti panalungtikan di luhur, aya ogé panalungtikan séjén anu judulna “Implikatur Percakapan pada Tuturan Tokoh dalam Novel Mengapa Aku Cantik Karya Wahyu Sujani”(Khilmiyyah, 2021). Hasil tina ieu panalungtikan kapaluruh aya 20 implikatur paguneman umum jeung 6 implikatur paguneman husus.

Tina tilu judul panalungtikan nu geus aya, najan méh sarua jeung panalungtikan saméméhna nu medar implikatur paguneman, tapi dina ieu panalungtikan leuwih nyindekel kana wanda implikatur paguneman, wujud implikatur paguneman, sarta fungsi implikatur paguneman.

Rachmawati (2019) dina panalungtikanna nyebutkeun yén dina prosés komunikasi, panyatur kudu bisa ngainterprétasikeun maksudna kalayan hadé ka pamiarsa. Masalah-masalah nu muncul nalika ngalakukeun komunikasi, saperti pasalia paham atawa *miscommunication* bisa ngabalukarkeun teu kahontalna tujuan tina éta kagiatan. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan nu judulna “Implikatur Paguneman dina Kumpulan Carpon Serat Sarwasatwa Karangan Godi Suwarna (Ulukan Pragmatik)”. Ieu panalungtikan dipiharep mampuh jadi hiji tarékah pikeun ngajembaran pangaweruh patali jeung kaédah-kaédah nu diéstokeun dina paguneman.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu di luhur, ieu panalungtikan diidentifikasi yén masalah diwatesan ku medar jeung nganalisis implikatur paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna ditilik tina wanda, wujud, jeung fungsi.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan bisa dirumuskeun jadi tilu pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna?

- b. Kumaha wujud implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna?
- c. Kumaha fungsi implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan sacara umum diayakeunna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nganalisis tur ngadéskripsikeun implikatur paguneman disawang tina wanda, wujud katut fungsi implikatur paguneman.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- a. wanda implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna;
- b. wujud implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna; jeung
- c. fungsi implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna.

### **1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara téoritis mangpaat ieu panalungtikan nyaéta bisa dimangpaatkeun pikeun nambahan jeung mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan implikatur paguneman dina kajian pragmatik.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh boga sababaraha mangpaat, di antarana waé pikeun panalungtik, nu maca, guru, jeung siswa.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan pragmatik, hususna implikatur paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna.

- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa nambahan référénsi pikeun panalungtikan kabasaan, tuluy bisa ngamekarkeun élmu pragmatik hususna ngeunaan implikatur paguneman.
- c. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran.
- d. Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh saluareun pangajaran di sakola.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina nyusun ieu skripsi kabagi jadi lima bab anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, dina ieu bab dipedar ngeunaan dasar tiori nu ngawengku ulikan tiori implikatur paguneman, wangenan implikatur paguneman, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Metode Panalungtikan, nu eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, eusina ngawengku hasil tina ieu panalungtikan nu mangrupa data implikatur paguneman, wanda implikatur paguneman, wujud implikatur paguneman, fungsi implikatur paguneman, jeung pedaran.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngajéntrékeun perkara kacindekan jeung saran tina hasil analisis nu geus dilakukeun sarta implikasina.